

Ribeyòl, ke yo rele lawoujòl, se yon maladi ki rive akòz youn nan viris ki pi atrapan yo.

Kijan li transmèt?

- Moun ki gen yon istwa enfeksyon lontan oswa ki te resevwa tout seri vaksinasyon kont lawoujòl, malmouton, ribeyòl (Measles, Mumps, Rubella, MMR), moun sa yo pwoteje ak 98% epi pa gen anpil risk pou yo trape lawoujòl.
- Lawoujòl gaye nan lè a, lè yon moun ki enfekte respire, touse, oswa etènye.
- Lawoujòl ka rete atrapan nan lè a ak sou sifas yo pandan jiska dezèdtan apre yon moun ki enfekte fin kite yon zòn.
- Si 10 moun ki pa gen pwoteksyon iminite vin antre an kontak ak lawoujòl, jiska 9 nan yo ap pran maladi a.

Nan ki pwen li grav?

Nan kèk ka, lawoujòl ka lakòz maladi grav, sa gen ladan nemoni oswa ansefalit. Byenke ansefalit la ra, anfleman sa a nan sèvo a mande pou entènè lopital epi tretman entansif. Li kapab lakòz kriz, alisinasyon, domaj pèmanan nan sèvo, vin avèg, pèt nan kapasite pou tande, epi pèt memwa.

Kimoun ki gen pi gwo risk pou maladi grav?

- Timoun ak granmoun ki gen defisyans sistèm iminitè oswa ki gen pwoblèm sante alabaz.
- Tibebe laj mwens pase 12 mwa.
- Fanm ansent yo.

Èske gen tretman?

Piske se yon viris ki lakòz lawoujòl, pa gen okenn tretman byen presi. Medikaman yo ka ede jere sentòm yo. Sepandan, baze sou peryòd tan ekspozisyon an, kontak ki sansib yo ka kandida pou benefisye pwofilaksi apre ekspozisyon pa mwayen MMR oswa iminoglobilin anpasan pa founisè swen sante pa yo.


Kisa m ta dwe fè si m rekonèt sentòm yo?

Pa ale bridsoukou kay yon founisè swen sante san w pa kontakte l alavans. Si w sispèk oswa w remake nenpòt sentòm, kontakte founisè swen sante w oswa depatman sante lokal nan nivo konte ou pou w resevwa machaswiv sou fason pou w chèche swen medikal san danje san w pa ekspoze lòt moun.

Sentòm yo

Sentòm lawoujòl yo parèt 7 a 14 jou apre kontak avèk viris la epi yo gen ladan:

- Gwo lafyèv jiska 105° F
- Zye ki wouj k ap fè dlo
- Tous
- Nen k ap koule



GRATÈL
LAWOUJÒL

Sentòm ki pi kouran nan lawoujòl se yon gratèl ki souvan leve sou figi ak nan kou, men ki ka gaye nan tout kò a.

Gratèl lawoujòl la parèt 3 a 5 jou apre premye sentòm yo.